

## BAB I

### BUBUKA

#### **1.1. Kasang Tukang Panalungtikan**

Tata basa miboga opat subsistem nya éta tata sora, tata kecap, tata kalimah, jeung tata wacana. Subsitem tata sora raket patalina jeung tata aksara (grafologi) sabab unggal basa diwujudkeun ku sora, ku kituna ulikan sora basa atawa tata sora jadi dasar ulikan tulisan atawa tata aksara (Sudaryat, 11: 2009). Saméméh kapangaruhan ku budaya éropah, basa Sunda miboga aksara sorangan. Aksara Sunda jaman harita didokuméntasikeun dina wangun prasasti-prasasti, piagam-piagam, jeung naskah-naskah kuno nu ditulis dina batu, jeung rupa-rupa média nulis séjénna saperti daun lontar, kertas, jsb. Contona prasasti-prasasti *Kawali* di Ciamis, prasasti *batutulis* di Bogor, piagam *Kabantenan* di Bekasi, sarta naskah-naskah Sunda kuno saperti *Sanghyang Siksakanda Ng Karesian, Carita Parahyangan*, jeung *Kisah Bujanggamanik*.

Aksara Sunda anu digunakeun jaman harita leuwih dipikawanoh ku sebutan aksara Sunda Kuno, aksara Ratu Pakuan, atawa aksara Kaganga (Munawar, 2012:1). Disebut aksara Sunda kuno sangkan bisa dibédakeun jeung aksara Sunda jaman kiwari anu geus *distantarisasi* pikeun kapentingan masarakat. Ari sebutan aksara Ratu Pakuan mah lantaran aya naskah Sunda kuno anu judulna Carita Ratu Pakuan nu ditulis ngagunakeun aksara Sunda kuno. Sedengkeun disebut aksara Kaganga lantaran abjad aksara Sunda kuno dimimitian ku aksara ngalagena /ka/, /ga/, jeung /nga/.

Aksara Sunda digunakeun ku karuhun urang Sunda pikeun ngawangun komunikasi tinulis atawa tradisi tulisan. Ku ayana tradisi tulisan mangka generasi saterusna bisa manggih informasi anu diwariskeun ti karuhun, bisa ngeunaan sajarah, ajén-ajén budaya, jrrd. Ku kituna, aksara Sunda perlu dipiara hususna ku nonoman Sunda anu jadi seuweu siwi pajajaran.

Pikeun méré kakuatan hukum, *konsérvasi* ajén-ajén budaya, Pamaréntah Provinsi Jawa Barat ngaluarkeun Perda No.6 taun 1996 nya éta rumusan ngeunaan

*Pelestarian, Pembinaan, dan pengembangan Bahasa, Sastra, dan Aksara Sunda.*  
Husus pikeun aksara Sunda ditandeskeun yén :

*“Aksara Sunda adalah sistem ortografi hasil kréasi masyarakat Jawa Barat yang meliputi aksara dan sistem pengaksaraan untuk menuliskan Bahasa Sunda”*

Perda No.6 taun 1996 kiwari ganti jadi Peraturan Pamaréntah Daerah Provinsi Jawa Barat Nomor 5 taun 2003 disaluyukeun jeung kaayaan ngeunaan *Pemeliharaan Bahasa, Sastra dan Aksara Daerah*. Ieu Perda téh salah sahiji tarékah anu dilakukeun ku pamaréntah Jawa Barat pikeun ngariksa budaya Sunda anu mangrupa warisan karuhun. Aksara Sunda dipiharep bisa ngageuing siswa ngeunaan jati dirina salaku nonoman Sunda anu miboga kawajiban miara, ngajaga sarta ngariksa budaya Sunda.

Anapon tatapakan aksara Sunda anu ditetepkeun dumasar kana :

1. wangupta nojo kana aksara Sunda kuno, nepika nu aslina tetep kajaga;
2. wangupta basajan nepi ka gampang dituliskeun;
3. sistem nuliskeunna per kecap;
4. éjahanana dumasar kana basa Sunda anyar/ mutahir nepi ka gampang dibacana;
5. merhatikeun unsur kaéndahan (éstética) nepi ka engkéna bakal dipikaresep ku nu makéna jeung bisa dijieun kaligrafina;
6. daptar abjad disaluyukeun jeung kosa kecap basa Sunda anyar/ mutahir;
7. tanda bacana sarua jeung aksara latén;
8. bisa ditulis maké alat cétak modérn saperti mesin ketik, mesin cétak, jeung komputer.

Pangajaran nulis aksara Sunda di sakola-sakola salila ieu ngagunakeun cara konvensional, nya éta guru ngadémontrasikeun dina bor (papan tulis), dibarengan ku siswa anu ngan saukur nurutan jeung nyalinéta aksara. Teu saeutik siswa nu poho sanggeus kaluar ti kelas anu matak tujuan pangajaran teu bisa kahontal kalayan optimal. Cara-carasaperti kitu dianggapmonoton keur siswa, sabab euweuh variasi-variasi anu bisa ngirut haté siswa pikeun mikir, antukna siswa ngan saukur nyalin aksara Sunda bari teu paham kana naon anu ditulisna. Ieu hal teu bisa disebut kagiatan nulis, sabab nyalin aksara-aksara atawa nyusun *mensem*

hiji naskah dina aksara-aksara nu tangtu pikeun dicetak téh lain mangrupakagiatan nulis lamun nu nulis teu paham kana éta basa jeungrépréséntasina(Lado dina Tarigan 2008: 22). Dumasar kana masalah di luhur katitén yén tujuan pangajaran tina KD (Kompetensi Dasar) nulis aksara Sunda teu kahontal luyu saperti hasil prapanalungtikan. Peunteun rata-rata nulis aksara Sunda siswa kelas X-1 SMA Negeri 1 Majalaya nya éta 52. Hartina kamampuh siswa dina pangajaran nulis aksara Sunda can ngahontal *Kritéria Katuntasan Minimal* (KKM).

Ku kituna, kudu aya tarékah anu bisa ngaronjatkeunkarep jeung antusias siswa dina diajar basa Sunda, hususna diajar nulis aksara Sunda. KAREP mangrupa hiji sifat *rélatif* anu dipimilik ku hiji jalma. KAREP téh gedé pisan pangaruhna kana diajar, sabab lamun geus ayakarep tangtuna waé bakal aya tarékah pikeun ngagali informasi ngeunaan widang anu dipikaresepna. Nyoko kana pedaran di luhur ngeunaan pentingna karepdina diajar, Ovide Decroly dina Usman (2009:27) méré sawangan yén sistem pendidikan dumasar kana karep anu umumna dipimilik ku unggal jalma nya éta karep kana dahareun, *perlindungan* tina pangaruh iklim (baju jeung imah), ngajaga diri tina rupa-rupa bahaya jeung musuh, gawé bareng dina olah raga. Saluyu jeung pamadegan Ovide, Mursell dina bukuna *Successful Teaching*, méréklasifikasi anu mangpaat pikeun guru dina méré pangajaran ka siswa. Mursell nétélakeun 22 rupakarep, salah sahijina nya éta karep diajar.Jadi hakékatna unggal siswa mibogakarepkana diajar, ku kituna guru kuduna narékanan ngaronjatkeun karep budak kana diajar boh ngawasa métode, modél, bohmédia pangajaranana.

Dina milih média pangajaran, guru perlu merhatikeun psikologi siswa ngawengku: kumaha siswa diajar, motivasi diajar, lingkungan diajar, sarta aspek séjenna. Salian ti éta, Azhar Arsyad (2011:71) nétélakeun sababaraha hal anu kudu diperhatikeun dina milih média saperti ieu di handap :

- 1) kamampuh ngaakomodasikeun stimulus anu merenah (visual jeung/atawa audio);
- 2) kamampuh ngaakomodasikeun respons siswa anu merenah (audio, jeung/atawa kegiatan fisik);
- 3) kamampuh ngaakomodasikeun umpan balik;

- 4) cara milih média utama jeung média sekundér pikeun informasi atawa stimulus, sartapikeun latihan jeung tés (sabalikna latihanjeung tes ngagunakeun média nu sarua). Misalna, pikeun tujuan pangajaran anu dideudeulan kucara ngapalkeun.

Salah sahiji média anu bisa mantuan dina ngaronjatkeun kamampuh nulis aksara Sunda nya éta média *Flash Card*. Média *Flash Card*mangrupa kartu-kartu gambar anu dilengkepan ku kecap-kecap. Éta média diwanohkeun ku Glenn Doman salah saurang dokter ahli bedah otak ti Philadelphia, Pennsylvania. Gambar-gambar dina *Flash Card* dikelompokkeun dumasar wangun aksara nu méh sarua, saperti ka, pa, sa, jeung ra (**k, p, s, r**)na, nga, jeung ca (**n, G, c**)ya, ma, ha, jeung ta (**y, m, h, t**)ga jeung wa (**g, w**) da jeung ja (**d, j**) nya jeung ba (**J, b**) la (**l**) sarta dipandurikeun aksara-aksara serepan saperti fa, qa, va, xa, jeung za (**f, q, v, x, z**)jeung angka saperti (**1, 2, 3, 4, 5, 6, 7, 8, 9, 0**). Unggal kelompok dicirian ku warna-warna nu béda. Éta kartu satuluyna ditémbongkeun ka siswa jeung dibaca kalawan gancang.Unggal kartu kudu dibacasababaraha detik.Tujuan tina ieumédia nya éta ngalatih kamampuh otak katuhu pikeun nginget gambar jeung engang, ku kituna siswa leuwih gampang ngapalkeun aksara Sunda.

Nyoko kana sababaraha masalah anu diguar diluhur, ku kituna perlu diayakeun panalungtikan ngeunaan pangajaran aksara Sunda anu mangrupa Panalungtikan Tindakan Kelas (PTK). PTK ngeunaan aksara Sunda geus kungsi dilaksanakeun ku Acep Deri Cahyadi nu judulna “Modél Explicit Intruction pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis aksara Sunda (Penelitian Tindakan Kelas Siswa Kelas X-1 SMA Pasundan 3 Bandung Taun Ajar 2010/2011)”.

Sanajan kitu, panalungtikan ngagunakeun Média *Flash Card* mah can kungsi dilakonan. Dumasar kana tinimbangan hal di luhur, panalungtikan ngeunaan Média *Flash Card*pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Aksara Sunda (Penelitian Tindakan Kelas ka Siswa Kelas X-1 Semester 1 SMANegeri 1 Majalaya Taun Ajar 2012/2013) dianggap perlu dilaksanakeun.

## **1.2. Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1. Idéntifikasi Masalah**

Dumasar kana kasang tukang anu diébréhkeun di luhur, bisa diidéntifikasi masalah saperti ieu di handap:

- 1) pangajaran nulis aksara Sunda di kelas masih kénéh monoton;
- 2) métode anu digunakeun dina pangajaran nulis aksara Sunda sifatna kovenisional;
- 3) guru teu ngawasa matéri ngeunaan nulis aksara Sunda;
- 4) kompeténsi dasar nulis aksara Sunda teu kahontal;
- 5) kamampuh nulis aksara sunda kaasup kritéria handap.

### **1.2.2. Rumusan Masalah**

Rumusan masalah nu bakal ditalungtik di rumuskeun saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha larapnamédia *Flash Card* pangajaran nulis aksara Sunda ka siswa kelas X-1 Semester 1 SMA Negeri 1 Majalaya Taun Ajar 2012/2013?
- 2) Kumaha tarékah ngaronjatkeun kamampuh nulisaksara Sunda ka siswa kelas X-1 Semester 1 SMA Negeri 1 Majalaya Taun Ajar 2012/2013dina pangajaran kalawan ngagunakeun média *Flash Card*?

## **1.3. Tujuan Panalungtikan**

### **1.3.1. Tujuan Umum**

Sacara umum tujuan anu rék dihontal nyaéta pikeun ngaronjatkeun pangajaran nulis aksara Sunda kalawan ngagunakeun média *Flash Card* siswa kelas X-1 Semester 1 SMA Negeri 1 Majalaya.

### **1.3.2. Tujuan Husus**

Sedengkeun tujuan husus dina panalungtikan ieu nya éta pikeun ngaidentifikasi jeung ngadéskripsikeun:

- a) larapna média *Flash Card* dina pangajaran nulis aksara Sunda ka siswa kelas X-1 Semester 1 SMA Negeri 1 Majalaya Taun Ajar 2012/2013.

- b) tarékah ngaronjatkeun kamampuhnulis aksara Sunda ka kelas X-1 Semester 1 SMA Negeri 1 Majalaya Taun Ajar 2012/2013 dina pangajaran kalawan ngagunakeun média *Flash Card*.

#### **1.4. Mangpaat Panalungtikan**

##### **1.4.1. Mangpaat Tioritis**

Hasil panalungtikan ieu dipiharep méré mangpaat pikeun kabeungharan pangaweruh hususna dina kamekaran média pangajaran ngeunaan disiplin élmu nu diteuleuman ku panalungtik nya éta pangajaran basa Sunda.

##### **1.4.2. Mangpaat Praktis (Terapan)**

- a) Pikeun guru, bisa dijadikeun alternatif milih média pangajaran aksara Sunda sangkan bisa ngahontal tujuan nu geus ditangtukeun;
- b) Pikeun siswa, bisa nyangking pangalaman diajar anu leuwih nyugemakeun jeung ngalati kamampuh nulis aksara Sunda;
- c) Pikeun sakola, bisa méré sumbangan dina usaha ngaronjatkeun kualitas pangajaran di sakola;
- d) Pikeun nu nalungtik, bisa ngaronjatkeun kualitas paélmuan sarta nambahnan pangalaman nangtukeun média dina pangajaran.
- e) Pikeun lembaga, bisa dijadikeun référensi dina pangajaran basa jeung sastra Sunda.

#### **1.5.Raraga Tulisan**

Dina Bubuka, Bab I dipedar kasang tukang anujadi dadasar panalungtikan; idéntifikasi jeung rumusan masalah; tujuan panalungtikan; mangpaat panalungtikan; jeung raraga tulisan.

Dina Bab II dipedar kajian pustaka, raraga mikir jeung hipotésis panalungtikan. Kajian pustaka anu ngawengku, analisis konsép, tiori-tiori jeung panalungtikan bihari anu *relevan* ngeunaan nulis, pangajaran nulis, aksara Sunda, média pangajaran, sarta média *Flash Card*. Raraga mikir mangrupa tahap anu kudu dihontal pikeun ngarumuskeun hipotésis. Hipotésis mangrupa jawaban awal

tina masalah anu dirumuskeun dina panalungtikan atawa submasalah nu ditalungtik.

Dina Bab III dipedarsetting panalungtikan anu ngawengku lokasi, subjék jeungwaktu panalungtikan, desain panalungtikan *justifikasi* milih desain panalungtikan, métode panalungtikan jeung *justifikasi* larapna métode éta panalungtikan, definisi oprasional anu dirumuskeun dina unggal indikator, instrumen panalungtikan, prosés mekarkeun instrumén, teknik ngumpulkeun data jeung alasan rasionalna, sarta analisis data.

Dina Bab IVdipedar hasil panalungtikan jeung pedaran ngeunaan ngolah atawa analisa data pikeun ngahasilkeun timuan anu patali jeung masalah panalungtikan, patalékan panalungtikan, hipotésis, tujuan panalungtikan, jeung pedaran atawa analisis timuan.

Satulunya dina Bab V dipedar kacindekan jeung saran. Kacindekan maparkeun tafsiran jeung ma'na ti panalungtik kana hasil analisis timuan panalungtikan.Saran atawa rékoméndasi anu ditujukeun kanu nyieun kawijakan, kanu ngagunakeun hasil panalungtikan, jeung ka panalungtik satulunya anu miboga karep pikeun ngalaksanakeun panalungtikan kahareupna.